


# VAHEBHERU,

## CHITSAUKO CHECHIPIRI <sup>3</sup>

 Chitsauko 7, 8, 9, 10, kubva imomo, oo, ini zvangu! Ivai nepenzura nebepa, nezvose zvenyu, zvakagadzirirwa, nekuti ndinotenda kuti Ishe vachatipa nguva huru. Zvino tiri . . .

<sup>218</sup> Pauro ari kusimudzira nekuisa, panzvimbo, Ishe Jesu. Zvino, kana tikapedza izvi manheru ano, Svondo mangwanani . . . Izvo zvizhinji zveizvi zvichabatana chaizvo neMharidzo yemangwanani eSvondo, nekuti iri “kupatsanura sabata.” Ndiwo mubvunzo mukuru pakati pemaSabata nhasi. Uye ndinokukokai mese kuti muuye Svondo mangwanani. Nekuti, ndeupi wakafanira, Mugovera kana Svondo, wekunamata? Bhaibheri rinotii nezvazvo? Uye saka zvadaro, kana . . . Bhuku iri riri kupatsanura murairo nenyasha, uye Riri kuisa chimwe nechimwe panzvimbo yacho. VaHebheru vakakudzwa nemurairo, uye Pauro aivaudza zvakaitwa nenyasha, nemurairo.

<sup>219</sup> Zvino, ngatiwanei kanheyo kadiki chete zvino. Tiri kutangira kumashure.

<sup>220</sup> Gara zviya, ndakazvitengera magirazi ekuverengesa. Pamwe ndinogona . . . Kana ndikakaruka ndatadza kuverenga—kuverenga husiku huno, ndinawo. Munoziva kuti zvose ndiri . . . Ndinongopotsa nemakore maviri ekuve nemakore makumi mashanu ekuberekwa, zvino handione sezvanda imboita, pedyo neni. Apo kuona kwangu . . . Ndakatanga kucherechedza mazwi achiita madzengerere, ndakafunga kuti ndaive ndava kuita bofu. Ndakaenda kunoongororwa. Chiremba akati, “Kwete. Wangopfuura makore makumi mana, mwanakomana.” Saka, akati, kana ndikararama kusvika ndakwegura, kunogona kudzoka zvakare, kuwana kuona zviri pedyo zvakare. Akati, “Zvino, unogona here kuverenga Bhaibheri rako kana ukarisundira kure newe?”

<sup>221</sup> Ndikati, “Hongu.”

<sup>222</sup> Akati, “Mushure mechinguva, ruoko rwako haruzove rwakareba zvakakwana.”

<sup>223</sup> Uye saka ndi—ndinovimba zvino, mukunzvera uku, kuti ini . . . Bhaibheri diki iri reCollins rine mavara akakura zvakanaka mariri. Ndinogona kuriverenga zvakanaka kwazvo. Asi patinosvika munzvimbo huru, dzakadzika patinofanira kutora Testamende Itsva neTestamende Yekare, dzobatana pamwe chete. Ndine Scofield diki. Zvino ndakajaira Bhaibheri reScofield, makatarwa-tarwa maro. Handiverengi zvinyorwa zveScofield zvino, nekuti handibvumirane naScofield pane

pfungwa dzake—dzake zhinji. Asi ndi—ndinofarira nzira yarakarongwa nayo, nekuti iri...Ndave naro kwenguva yakareba, uye ndikariverenga, uye zvakanyanya, kusvikira ndinoita sekuziva mawanire andinoita chidzidzo changu.

224 Izvi zvese zvitsva kwandiri, zvekudzidzisa, uye handisi mudzidzisi zvakanyanya. Asi, mondiitirawo moyo murefu kwechinguva, ndichakuudzai Chokwadi sekuziva kwandinoChiita, zvisinei.

225 Zvino, Bhuku iri ndiPauro, munorangarira, aive... Takamuwana sei? Aive mudzidzisi mukuru, pakutanga kwacho, kana kuti mudzidzi mukuru. Zvino akange akadzidziswa muTestamende Yekare. Pane chero munhu here angandiudza zvino kuti watakawana kupa mudzidzisi wake aive ani? [Ungano inoti, “Gamarieri.”—Mupepeti] Gamarieri, mumwe wevadzidzisi vakakurumbira vezuva iri. Uyezve Pauro, tinoona, rimwe zuva...

226 Asati ava kudaidzwa kuti *Pauro*, pane here angandiudza kuti zita rake raiva ani? [Ungano inoti, “Sauro.”—Mupepeti] Sauro. Uye aive nesimba rakakura muJerusarema, simba rechinamato. Zvino akauya se—semunhu akadzidziswa chaizvo, wezvekunamata. Aigona kutaura mitauro mina kana mishanu yakasiyana, uye murume akangwara kwazvo. Saka, dzidzo yake uye nehungwaru zvakamubatsira here? Kwete. Akati akatozofanira kukanganwa zvese zvaaziva, kuti adzidze Kristu.

227 Saka tinoona, zvino, hazvitorere munhu akangwara kana munhu akadzidza. Zvinotora mu—munhu ari kuda kuzvininipisa pamberi paMwari, zvisinei nekuti zvakadini.

228 Maizviziva here kuti Dwight Moody aive—ave asina kudzidza kwazvo kusvikira, zvechokwadi, zvinyorwa zvake zvaive zvakashata zvekushata zviya. Vaitozogadzirisira mharidzo dzake, nguva dzose. A—akanga ari munyori asingagoni kwazvo, asina kudzidza zvakanyanya.

229 Maizviziva here kuti Petro naJohane, vemuBhaibheri, vakanga vasina kudzidza zvakanyanya zvokutosvika pakutadza kunyora zita ravo chairo, uye vaisariziva riri pamberi pavo? Muapostora Petro, aive nemakii ekuHumambo, aisatoziva zita rake rakasainwa pamberi pake. Pafungei ipapo. Bhaibheri rakataura, kuti, “Akanga asingazivi uye asina kudzidza.” Saka, zvinondipawo mukana. Amen. Hongu, changamire. Zvinoramba zvichidzika, kuona kuti Mwari vakagona kuzviita izvozvo kumunhu.

230 Zvino, uye tinoona kuti, Pauro paakangwana chiitiko chikuru...Ndinoda kukubvunzai. Chiitiko here chekuuya kuna Kristu? Munhu wese ane chiitiko here? [Ungano inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Hongu, changamire. Hongu, changamire. KuBerekwa. Chiitiko. Uye saka takange tiri muLutheran College, kasiri kare...

<sup>231</sup> Ndava nemukana wakanaka masikati ano, ndanonoka, ndichifanirwa kunge ndiri ikoko natwelve o'clock, pakusvusvura kwemasikati na—naTom Haire. Vangani vakambonzwa nezvake, mhare ine mukurumbira, wekunamata, muIrish? Uye anga aine iyi Hama Epp, pachirongwa chake, uye akaonekwa pano munzvimbo zhinji muAmerica. Zvino ndasvusvura pamwe naye nhasi. Zvino tanga tiri. . . Ndanga ndanonoka neangaita maawa matatu. Dzaive dzingaita three-thirty, quarter to four, patadya. Asi zvanga zvakanaka. Uye tanga tiri kukurukura pamusoro pezvinhu izvi, zvekuti chirudzii Jesu Kristu ari iye Musoro wezvinhu zvese.

<sup>232</sup> Zvino, Pauro paakazviziva izvi, akave nechitiko ichi. Uyezve asati agamuchira chitiko ichi, chinofanira kudzokera kuBhaibheri. Uye tinoona kuti iye—kuti iye akabva ndokuenda kune imwe nyika, uye ikoko akanogara kwemakore matatu, achinzvera Rugwaro, kuti aone kana chitiko chake chakanga chiri chechokwadi.

<sup>233</sup> Zvino, tinoona kuti aive nechinhu chikuru chekutarisana nacho. Akatozodzoka uye ndokuzotaurira kereke yake, vanhu vese, zvinhu zvacho chaizvo zvaakanga atambudza zvaive zvechokwadi.

<sup>234</sup> Wakatozofanira kuita chinhu chakadaro here? Zvirokwazvo, potse vese vakadaro, vakatozodzokera kunoti, “Vanhu ivavo vataidaidza kuti ‘vaumburuki vatsvene,’ ndakazoziva kuti, zvavaiva zvaiva izvo chaizvo.” Maona? Ndizvo. Takatozongotendeuka. Uye zvinhu zvataimbovenga, tave kuzvida zvino. Kushandurwa, chinhu chinoshamisa, chisinganzwisisike.

<sup>235</sup> Zvino, ndataura chirevo ichocho, che “muumburuki mutsvene.” Hakuna chinhu chakadaro. Hakuna chinhu chakadaro. Asi, vanodana vanhu kudaro, vanhu vehutsvene. Asi hakuna vaumburuki vatsvene. Hakuna chinhu chakadaro. Hakuna humbowa hwechero kereke zvayo hwakambonyorwa zvakadaro, sekuona kwandingaita, pamazana mapfumbamwe nemakumi matanhatu neanoraudzira, masangano akasiyana. Hakuna sangano rakadaro semuumburuki mutsvene. Rinongori zi—zita rakanamatidzwa nadhiyabhore paKereke.

<sup>236</sup> Asi vaivadaidza, muzuva iroro. . . Vangani vanoziwa zvavaivadaidza muzuva raPauro? Vapengereki. Munoziva here zvinoreva kuti *mupengereki*? “Kupenga.” Vanhu vanopenga. Saka, ini ndichangodaidzwawo kunzi “muumburuki mutsvene” se “mupengereki.” Hawaidaro here? Saka kana ivo—kana vakadaidzwa kudaro, uye vakafara!

Uye Jesu akati tiite chii nezvazvo? Akati, “Farai, uye mufarisise; nekuti mubairo wenyu mukuru Kudenga, nekuti vakatambudza saizvozvo vaporofita vakakutangirai.” Vakazviita.

237 Akataura kuti, “Farai zvakanyanyisa.” Chero chinhu *chakanyanyisa* “chakasimudzwa kumusoro-soro,” kufara kwazvo. Zvino vadzidzi, pavakawanikwa vakakodzera kutakura kuzvidzwa kweZita raJesu, vakafara nemufaro mukuru kuti vakakwanisa kutakura kuzvidzwa kweZita raKe.

238 Uye nhasi, vanhu vazhinji nhasi, kana zvikaitika kuti vavadana kuti vaumburuki vatsvene, vanodududza nekutya, “Ini zvangu! Pamwe ndainge ndakakanganisa, pakutanga kwacho.”

Asi ivo vaitofara nezvazvo, “Oo, ini zvangu, kutakura Zita!”

239 Uye zvino, muzana ramakore rechipiri, vakavadaidza kuti “*vanobereka muchinjikwa*.” Ndipo apo Makristu vaigara vakatakura muchinjikwa kumusana kwavo, kuratidza kuti vaive vakarovererwa pamwe naKristu. Vanovadaidza kuti *vanobereka muchinjikwa*. Zvino ndinoziva kuti maKatorike vanozvidaidza pachavo izvozvo, asi yakanga isiri kereke yeKatorike. Yaive kereke yechiProtestanti isati yadaidzwa kuti kereke yechiProtestanti. Hapana chimwe chayaipikisana nacho kunze kwechivi. Chikonzero ichidaidzwa kuti kereke yechiProtestanti nhasi ndechekuti yakapikisa dzi—dzidziso yechiKatorike. Asi iri. . . Iyo, zvakadaro, yaive isina mapoka-mapoka panguva iyoyo, pavaidaidzwa kunzi *vanobereka muchinjikwa*.

240 Ingotorai nhoroondo yaJosephus nevamwe vanyori, uye ne*MaBhabhironi Maviri* aHislop, nemamwe akadaro, uye muchaona kuti ndizvozvo, kuti vakanga vasiri kereke. Kereke yekutanga yakaitwa sangano, yakambovepo, yaive kereke yeKatorike, angangoita makore mazana matatu, paboka re—revaapostora vekupedzisira. Anenge makore mazana matatu akazotevera, kereke yeKatorike yakaitwa sangano. Zvino kutambudzwa kwakatanga, ndokumanikidza vanhu kupinda mukereke yeKatorike, zvino vakava nekereke nehurumende, zvakabatana.

241 Zvaive mumashure, zvaidaidzwa sekunzi, kutendeuka kwaConstantine, kubva muchihedheni kuenda kuchiKatorike. Asi, kana paine munhu akambovepanga nhoroondo yake, haana kumbotendeuka, zvinhu zvaakaita. Oo, ini zvangu! Chinhu chega chaakamboita chezvekunamata kwaiva kuisa muchinjikwa pakereke yaMutsvene Sophia. Ndicho chete chinhu chaakamboita, chaakatamboita seanonamata. Akanga ari mu—munhu akatsauka. Asi vanokudaidza kuti kutendeuka kwake—kwake. Zvakangoda kufanana nekumwe kunonzi kutendeuka nhasi.

242 Zvino, asi, tinoona kuti, Pauro paakatendeuka uye akava nechitiko ichi chechokwadi, akanyatsotendeudzwa zvizere.

Uye, munoziva, *kutendeuka* kunoreva kuve “wakatendeudzwa.” Uri kuenda nenzira *iyi*, uye wotendeuka

wotanga kudzokera nenzira *iyi*. Hongu, changamire. Kutendeuka, kutarisa kwavabva.

243 Zvino Pauro, paakangotendeuka, asati amboita kuti chiitiko chake. . . Zvino, akava nechitiko chinoshamisa.

Zvino, ndinotenda, kana ukagamuchira Kristu, seMuponesi wako pachako, chitori chiitiko. Ndinotenda, mufaro wekuziva kuti chivi chako charegererwa, zvinongofadza moyo wako, zvakanyanyisa.

244 Asi zvakare kana Mweya Mutsvene wakaropafadzwa waburuka, ichocho chiitiko, Kuberekwa patsva ikoko, kwausingazombofa wakakanganwa. Unobva wava Mwana waMwari. Uye hezvino zvinozviita.

“Munozviziva sei, Hama Branham?”

245 Zvino, izvi zvidzidzo zvekudzidzisa. Vanhu vazhinji, maMethodisti, vanoedza kuti, “Vakadaidzira pavakaUwana.” Saka, zvakana. Kana wakaUwana, ndokudaidzira, zvakana. Nekuti wakadaidzira, chaisave chiratidzo chekuti waive naWo, nekuti vazhinji vakadanidzira uye vasinaWo.

246 MaPentekosti vakati, “Vakataura nendimi. VakaUwana.” Zvakana. Kana wakataura nendimi, ukaUwana, zvakana. Asi unogona kutaura nendimi asi zvakadaro usinaWo. Saka?

247 Saka, munoona, zvisinei, chiitiko chekubva murufu kuenda kuHupenyu; apo zvinhu zvese zvekare zvinofa, uye zvinhu zvese zvinova zvitsva. Kristu anova wamazvirokwazvo. Zvinhu zvekare zvinodonha, midzi yakare yekuva munyama. Munoziva here kugobora mudzi? Taisitora badza tichibva tangodzika pauri, zvino touchera kusvikira pasisina kana chidimbu chaisara imomo. Zvino vakati, “Kana paine chero mudzi wenduru unobuda mauri, udzurirei kunze.” Ndizvozvo. Uye ndizvo zvinoitwa neMweya Mutsvene, kudzura midzi yese. Kuicherera kunze. Woiunganidza; woipisa. Ibvisei. Unwana chirimwa chakanaka ipapo, kana tikadaro.

248 Zvino, Pauro akaziva kuti chimwe chinhu chakaitika, saka anoenda zvakare zasi muArabia, uye ikoko anonzvera kwemakore matatu pane vaporofita vese vemuTestamende Yekare, maporofitiro avakaita. Zvino akazoono kuti Chaive Chokwadi chemazvirokwazvo.

249 Zvino, enzanisai izvozvo nanhasi uno, munoona, pachitiko ichi chatakava nacho pano pakereke diki ino: cheNyamatsatsi Yemangwanani yakaoneka uko, Chiedza chikuru chiya chakadzika, chaizofanotaura nekuratidza zvinhu zvaizoitika. Munoziva, zvinoshamisa kwazvo. Asi hama yangu mushumiri yakandiudza kuti, “Zvaiva zvadhiyahore.” Uye nda—ndakatadza kuzvinzwisisa.

250 Saka, handina kutaura chinhu nezvazvo kusvikira humwe husiku, pakave nechitiko chakaitika kumusoro uko kuGreen’s

Mill, Indiana, apo Mutumwa waJehovha akauya chifamba nepasi zvino ndokumira ipapo, akazviratidza neRugwaro. Ndokubva zvatungidza moto. Ipapo wakabva watanga kuenda.

<sup>251</sup> Uye pasingariki musi weSvondo wapfuura, takaona kuratidzwa kusingakundike kwaJesu Kristu, Anogona kutora munhu asina kumbofamba, uye asina... Tsinga yake inomuita kuti akwanise kumira yakaenda, apo vekwaMayo navanachiremba vepamusoro-soro vakati, “Zvapera, zvachose.” Uye akagara ari bofu; akasimuka ndokubuda muchivakwa, achisundudzira wiricheya yake achidzika nemasitepisi, achigona kufamba nekuona semumwe munhu wese. Zvinoratidza kuti isimba raIshe Jesu vakamuka. Hezvoka izvo. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

<sup>252</sup> Saka hatisi boka rinofara here manheru ano, kuziva kuti Mwari vakasimbisa chiitiko chikuru ichi chatinacho, chichifananidzirwa neBhaibheri raKe uye nevimbiso? Naizvozvo tinofanira kufarisisa. Zvino tinocherechedza zvino, kuti muchitsauko 2, tinona kuti, “Hatifanire kurega zvinhu izvi... Hatifanirwe kushaira hany’n’a zvinhu izvi.” Tinofanira kubatisisa zvinhu izvozvo.

*Uye ko isu tichapukunyuka sei, kana tisine hany’n’a neruoneso rukuru rwakadai; . . .*

<sup>253</sup> Chii chatichaita, zviri maererano neShoko raMwari, kana tamira paNzvimbo Yekutongwa? Haugone kuti, “Handina kumboziva chero musiyano.” Oo, hongu, waiziva. “Zvakanaka, zvino, Hama Branham vanogona kunge vakakanganisa.” Ichokwadi. Asi Mwari havana kukanganisa. Shoko raVo harina kukanganisa. Uye chingofunga, nezve chinhu chimwe chete, Bhaibheri, raimborarama muvaapostora, vari kurarama zvakare. Oo, ngariropafadzwe Zita raShe!

<sup>254</sup> Pandinofunga kuti ndine makore makumi mana nemasere ekuberekwa, ndave pedyo nemakumi mashanu, uye mazuva angu ehudiki akapera, nezvimwe zvakadaro; kuziva kuti kubvira ndiri mukomana mudiki kuti ndaive neVimbiso iyi yakaropafadzwa, uye ndakaIzivisa kuhama nehanzvadzi dzangu; uye kuona zviuru chaizvo zveavo vakabuda murima, kuziva kuti tiri kuenda kuMusha wedu weKusingaperi, kune vakaropafadzwa. “Uye kana tabhanakeri ino yevhu ikaparara,” ndisati ndapedza kuparidza, “kune imwe yakatimirira mhiri uko.” Hareruya! Kuziva kuti pane vanhu vazhinji vakagara pano, vokuti, kana vari vazosiya hupenyu huno zvino; tisati taendesa mutumbi wavo kune avo vanoviga, vanenge vave mumutumbi uya wakabwinyiswa uri mhiri uko, vachifara nevatsvene vaMwari, vatove kare muHupo hwaMwari, vachizorarama nekusingaperi. Nekusimbiswa kwakakwana, kwemazvirokwazvo kwekuti ndizvozvo chaizvo! Amen.

<sup>255</sup> Oo, izvozvova zvaizoita kuti muPresbyteriani adanidzire! Zvakadaro Svondo, hazvina here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Vanhu ivavo vaive maPresbyteriani. Zvirokwazvo vaizodaro, kufunga. Oo, ndosaka vanhu vachiita manyawi! Nhai, kana iwe uchiita manyawi nekurova bhora kana kukanda rimwe mubhasikiti, zvichawedzera zvakadini kukuita kuti uve nemanyawi kuziva kuti wapfuura kubva kurufu uchienda kuHupenyu, kuti uri Chisikwa chitsva muna Kristu! Unozviziva nenzira iyo mweya wako unokutungamira kure nepfina, nenduru, neruvengo, nezvinhu zvese zvemunyika. Uye moyo wako wogara wakananga pana Kristu. Ndizvo zvinangwa zvako. Ndizvo zvoga zvaunofunga nezvazvo mupfungwa dzako, pamoyo wako, ese masikati nehusiku. Paunoenda kunorara husiku, uye woisa maoko ako shure kwako, seizvi, uye wongorara ipapo uye uchiMurumbidza kusvikira wakotsira. Womuka, ari mangwanani, uchiri kuMurumbidza. Ameni. Oo, ini zvangu!

<sup>256</sup> Ndakaedza kuMurumbidza. Ari mangwanani, tange tichimuka nguva ingangoita four o'clock, Hama Wood neni, tichibuda mangwanani-ngwanani, kuenda kunovhima tsindi. NdinoMurumbidza pasi pemuti woga-woga, ndinotenda, wandakasvika kwauri. Handikwanise kuona muti, ndikasaMurumbidza. Kufunga, kuti Akamera muti iwoyo. Wona kahwiza kadiki kekare kachibhururuka mudenga; Anoziva hwiza iyoyo. “Oo,” unoti, “hazvina maturo, Hama Bill.” Oo, kwete, hazvisi. Anoziva kune tsindi yoga-yoga. Anoziva kune shaveshave roga-roga.

<sup>257</sup> Handiti, pane imwe nguva, Aida mari, zvino Akati, “Petro, pane hove, nguva yadarika, yamedza kobiri, rakangoringana, rinokwanirana nezvatinoda. Enda unokanda chirauro imomo. Ndichaitumira ikoko. Tora kobiri iroro kubva mumuromo mayo, nekuti haikwanise kurishandisa, iyo pachayo. Enda unomubhadhara chegumi chedu nemutero.” Ameni.

<sup>258</sup> Zvino masvondo mashoma apfuura, ndakaona kahove kadiki kakauraiwa, kakayangarara pamusoro pemvura. Mose makanzwa nyaya yacho. Pana Hama Wood, nemunin'ina wavo nevamwe vari pano kuti vazvipupurire. Kahove kadiki ikako kakarara kakafa kwehafu yeawa, kari pamusoro pemvura, nematumbu ako adhonzerwa kunze akabuda nemumuromo mako. Zvino Mweya Mutsvene mukuru wakadzika pasi, shure mekunge Wataura, nezuro wacho, “Uri kuzoona rumuko rwekanhuka kadiki.” Zvino mangwanani akatevera kuda, mushure zvisvishoma zuva rabuda, takaona kahove kadiki kaya, kasina kupfuura apa kureba. Mweya waJehovha pawakadzika pasi, zvino ukati, “Kahove kadiki, Jesu Kristu anokupodza.” Zvino kahove ikako kakafa, kainge kachiyangarara pamusoro pemvura kwehafu yeawa chaiyo, kakauya kuhupenyu ndokutuhwina kachienda zvine nesimba sezvakaikwanisa. Oo, Zita raShe ngarirumbidzwe. Anoshamisa kwazvo!

259 Ndosaka Pauro aigona kutaura, kuti, “Aiva murudzi rwaMerkizedheki.” Akange ari Merkizedheki. “Merkizedheki akanga asina mavambo emazuva. Aive asina magumo emakore. Aive asina mavambo ehupenyu kana magumo ehupenyu. Akange asina baba kana amai.” Saka, haAigona kuve mumwe munhuwo. Chero waAiva ari, Achiri mupenyu manheru ano. Saka, pane mhando imwe chete yeHupenyu Husingaperi, uye ihwohwo ndehwaMwari.

260 Manheru apfuura patainge tichikurukura, imwe hama yaisanzwisisa hutatu hwaMwari, uye nematauriro ataiita nezvazvo. Kuti Jesu akamira apo, Murume, ane makore angangoita makumi matatu ekuberekwa. Zvino Akati. . .

Vakati, “Oo, madzibaba edu akadya mana murenje.”

261 Iye akati, “Uye ivo, vese, vakafa.” Asi Akati, “Ndini Chingwa cheHupenyu chinobva kuna Mwari kubva Kudenga, chokuti munhu akadya uye haafe.”

262 “Oo,” vakati, “madzibaba edu akanwa kubva paDombo murenje.”

263 Akati, “Ndini Dombo Racho.” Murume ane makore makumi matatu ekuberekwa. Akati, “Abrahama akafara kuona zuva raNgu.”

264 “Nhai,” ndokuti, “zvino Unorevesa kundiudza kuti Iwe wakura saAbrahama, uye haUsati wasvitsa makore makumi mashanu okuberekwa, uye unorevesa kutaura kuti Wakaona Abrahama uyo anga akafa kwemakore mazana masere? Tinoziva kuti Une dhimoni zvino. Unopenga.” Ndizvo zviru. . .Ndizvo zvinoreva *dhimoni*, “munhu anopenga.” Vakati, “Une dhimoni, uye Unopenga.”

265 Akati, “Abrahama asati avapo, NDIRI.”

266 Ndizvo zvaAive. Akanga asitori munhuwo zvake, uyewo Akanga asiri muporofita. Aive Mwari, Mwari vachigara panyika mumutumbi wenyama unonzi “Jesu,” Mwanakomana waMwari mu—munyama. Ndizvo chaizvo zvaAive.

267 Zvino, tinoMwana neche pano, kuti muchikamu chekupedzisira zvino, chekupfigwa kwechitsauko 2, icho chandanga ndichida kusvika kwachiri, kutangira pandima 16, kana ndima 15.

Uye akadzikinura *avo*. . . *nokuda kwekutya rufu—rufu pahupenyu hwavo hwose vaive varanda.*

Ndizvo zvaakataura kuti Jesu akaita, kuti Akauya kuzovadzikinura kubva muhuranda, avo vaine vachitya rufu hupenyu hwavo hwese.

268 Zvino hapachina chikonzero chekutya rufu. Zvino, chokwadika, tinodaro; isu, hapana mumwe wedu anoda, kwatinodaidza kuti, *kufa*. Asi munoziva here kuti kana munhu



akazvarwa patsva haagoni kufa? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Angave sei neHupenyu Husingaperi ozofa? Haagoni kuzviita. Chinhu chega chiri rufu, izwi rekuti *rufu*, rinoreva “kupatsanurwa.” Zvino achapatsanurwa kubva muhupo hweziso redu. Asi anogara ari muHupo hwaMwari, uye acharamba arimo. Saka, rufu harusi chinhu chakaoma. Rufu chinhu chakabwinyiswa. Rufu ndirwo rwunotitora rwtiisa muHupo hwaMwari.

<sup>269</sup> Asi zvino, ndizvozvo, isu, zvatiri vanhu, tinofamba muzvinhu izvi zvakasviba pano, isu—isu hatizvinzwisise sezvatinofanira. Uye, ndizvozvo, kana marwadzo anodzisa erufu auya, anoita kuti wacho mutsvene-tsvene wedu atye pamwe nekudududza. Rwakaita kuti Mwanakomana waMwari ati, “Mukombe uyu haungapfuure here?” Chinhu chakaipisira kwazvo. Musazvitora zvisizvo. Nekuti isu...Murango wechivi, rufu rwuri, uye rwunofanira kuva rwakaipisira kwazvo.

Asi kana tikangokwanisa kutarisa seri kwechidzitiro, mhiri uko, ndiko kwazviri. Ishe ngavaropafadzwe! Seri kwechidzitiro, ndiko uko munhu anoshuvira kutarisa manheru ano. Anna Mae Snelling mudiki nevamwe vaiwanzoimba rwiyo pano, “Ishe, Regai Ndirarise Seri Kwechidzitiro cheNguva.” Munhu Wese anoda kukuona.

<sup>270</sup> Zvino, hepano patiri, mundima 16. “Nekuti zvirokwazvo Akatora...”

*Nokuti zvirokwazvo haana kuzvitorera, paari hunhu hwevatumwa; asi akazvitorera mbeu yaAbrahamu.*

<sup>271</sup> Oo, tinoda kubatirira pane izvozvo zvakare zvino. Zvino tiri kuuya zasi chaipo kuti titore...Nekuti, chikamu chekutanga chechitsauko 3 chino, chikamu chekupedzisira chacho, chinobatana mukati pa “zuva iroro resabata,” kuitira Svondo ino iri kuuya.

<sup>272</sup> Zvino tarirai.

*...haana kutora...hunhu hwevatumwa;...*

Zvino, ndiani “Iye,” waari kutaura nezvake? Kristu. Kristu ndiani? Mwari, Rogosi yaMwari.

<sup>273</sup> Zvino regai nditsanangure izvi zvakare, kuti muve nechokwadi. Mwari havazi vanaMwari vatatu. Hutatu hwaMwari huri mune Mumwe. Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, hazvireve kuti kuna vanaMwari vatatu vakasiyana. Kana zvirizvo, taizove vahedheni. Ndicho chikonzero maJudha vasingakwanise kunzwisisa. Hazvina kumbobvira zvakadzidziswa muBhaibheri. Zvino, zvinodzidziswa mukereke yeKatorike, zvirokwazvo, ndiko kunobva rubhabhatidzo rwehutatu.

<sup>274</sup> MuAfrica vanokubhabhatidza katatu wakatarisa kumberi: kamwe kuna Mwari Baba; kamwe kuna Mwari

Mwanakomana; kamwe kuna Mwari Mweya Mutsvene. Zvino, ikoko kukanganisa. Hakuna dzidziso dzakadaro dzeizvozvo muBhaibheri. Maona?

<sup>275</sup> Uye zvino, ndizvo—ndizvo zvavaidzidzisa. Zvakadzika kubudikidza naLuther; kubva muna Luther, ndokupinda muna Wesley; zvichidzika nemumazera zvichingoenderera mberi. Asi hazvina kombobvira zviri dzidziso yeBhaibheri. Zvakagara zviri mhosho, kubvira pazvakatangwa.

<sup>276</sup> Zvino, saka, Mwari vaive pakutanga. Pasati pave kana nechiedza, pasati patombova kana neatomu, pasati pambove kana nenyeredzi, pasati pambove nechero chinhu chinoonekwa, Mwari vaizadza nzvimbo yese. Uye Imomo makanga musina chimwe chinhu kunze kwekuchena: rudo rwakachena, hutsvene hwakachena, kururama kwakachena. Wakanga uri Mweya. Vaifukidza nzvimbo yese kubva muna Ziendanakuenda rose, Ratisingakwanise kunzwisisa. Zvinopfuurira chero chinhu chatingafungidzira.

<sup>277</sup> Zvokuti kubudikidza negirazi iro, taigona kuona chinhambwe chenzvimbo yekunosvikwa nechiedza mumakore mamiriyoni za—zana neanoraudzira. Pafungei ipapo. Chinhambwe chenzvimbo yekunosvikwa nechiedza munguva inoita zana remamiriyoni emakore. Uye chiedza—chiedza chinofamba angaita mamaira zviuru zvisere pasekondi. Uye kukura kwenzvimbo yekunosvika chiedza mumakore zana nemiriyoni. . . Chimbofungai kuti mamaera mamirioni mangani aanozenge ari. Hawaigona kana kuverenga nhamba yacho. Unogona kungatora mutsara wevanapfumbamwe uye wouisa uchitenderera Jeffersonville, uye zvakadaro unetenge usati waupatsanura mumamaera emamaera. Pafungei ipapo. Uye kumberi kweikoko kuchine nyeredzi nedzinyika. Zvino Mwari, pasati pambove neimwe chete yadzo dzose, Vaivepo. Maona?

<sup>278</sup> Uye zvino Rogosi yakabuda kubva muna Mwari, iyo yaive ro—Rogosi, zvese izvi ndokutanga kuumbika kuita chi—chimiro chemutumbi. Uye chimiro chemutumbi ichi chakadaidzwa, mudzidziso dzevadzidzi, Rogosi, Rogosi yakabuda kubva muna Mwari. Nemamwe mashoko, i—izwi riri nani rawo, raive ratinoti tiyofani. (Tiyofani mutumbi wemunhu wakabwinyiswa.) Kwete chaizvo une nyama neropa sezvauchange uri muchinhano chawo chakabwinyiswa, asi ndewe chimiro chemutumbi wemunhu usingadye, kana kunwa, asi mu—mutumbi, mutumbi wakatimirira patinongobva kusiya uno uyu. Zvino, imomo, tinopinda mumutumbi iwoyo. Uye ndiyo mhando yemutumbi uyo Mwari wavaive, nekuti Vakati, “Ngatiitei munhu ari mumufananidzo wedu chaiwo uye akafanana nesu.”

<sup>279</sup> Zvino, munhu paakapinda mumutumbi iwoyo, aive nehutongi pamusoro pehove dzese, neshiri, ne—nemhuka dzesango. “Uye zvakare pakanga pasina munhu wekurima

ivhu,” Genesi 2. Akatogadzira murume nemukadzi, asi hapana munhu wekurima ivhu.

Zvino Mwari vakabva vagadzira munhu kubva muguruva renyika. Vakamupa ruoko rwakaita se—rwakaita serwechimupanzi. Vakamupa tsoka yakaita seyechitsero. Vakamupa, Vakamuita, pamufananidzo. Uye mutumbi uyu wepanyika uri mumufananidzo wehupenyu hwemhuka, uye unogadzirwa nemhando imwe chete yezvinogadziriswa. Mutumbi wako wakangogadzirwa nemhando yezvakangofanana nezvinogadziriswa bhiza, kana imbwa, kana chero chinhu chakadaro. Wakagadzirwa necalcium, potashi, petroleum, chiedza chemudenga. Haungori bedzi. . . Nyama yose yakadaro haina kufanana; inyama yakasiyana, asi yakagadzirwa kubva muguruva renyika kwayakabva.

Asi, mutsauko pakati pemhuka nemunhu, Mwari vakaisa munhu wemukati mumunhu, uye haVana kumuisa mumhuka. Nekuti, munhu wemukati waive mumunhu ndiyo tiyofani.

Oo, ini—ini, handimbofi ndakasvika kune. . . chidzidzo ichi, asi ndinofanira kuwana izvi.

280 Tarisai. Hamurangeriri here apo Petro aive mutirongo, uye Mutumwa waJehovha akauya ndokuvhura masuwo?

281 Takanga tichipfuura nemusupamaketi kumusoro kuno, rimwe zuva, zvino musiwo wakavhurika pamberi pedu. Ndakati, “Munoziva, Bhaibheri rakava nazvo kutanga.” Maona? Zvino, musiwo, unofamba, uri wega.

282 Zvino Petro paakabuda, achifamba nepavarindi vava, vaive vakapofomadzwa kwaari. Akapfuura murindi wemukati-kati, murindi wekunze, akabuda achipinda muruvanze, ndokupfuura nepamadziro, akabuda achipinda mumugwagwa. Uye hapana mumwe wavo akaziva kuti aive ani. Uye havana chero ku. . . Vakafunga kuti aive mumwe murindi kana chimwewo chinhu. Ivo. . . Akangopfuura nepo, zvino suwo rakavhurika roga, paakabuda kunze, ndokuvharika kumashure. Zvino paakabuda kunze uko, akafunga kuti ainge arota. Zvino akaenda zasi kuimba yaJohane Marko, uko kwavaiva nemusungano wekunamata. Uye aigogodza. . . [Hama Branham vanogogodza papurupiti. Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]. . . kuva pakati penyu.

283 Oo, Vanobwinya. Vanoshamisa.

Zvino, oo, *haana* kugadzirwa muchimiro chemutumwa; *asi* akatora. . . mbeu ya*Abrahama*. Mwari vakava mbeu ya*Abrahama*.

284 Zvino, dai tanga tiine nguva, kuti tidzokere tiratidze maitiro aVakazviita muSungano! Makandinzwa ndichiparidza nezvazvo, kakawanda, kuti akatora sei mhuka dziya ndokudzitsemura nepakati, ndokukanda njiva nehangaiwa

imomo. Zvino akatarisa, ndokuona hutsi hushoma, kutyisa kutema, rufu. Tevere, vira raipfungaira, gehena. Asi, mberi kwazvo, kwakabuda Chiedza chidiki chichena. Zvino kachena kadiki ikako kakapinda pakati penhindi dzechibairo ichocho chakatemwa, zvichiratidza kuti ndizvo zvaAizoita. Zvino Akatora mhiko, paAkazviita, zvino Akanyora Sungano, achiratidza zvaAizoita.

<sup>285</sup> Uye Iye, Jesu Kristu, akauya panyika; Mwari, *Emanueri*, “Mwari munyama.” Zvino paKarivhari, Akabvamburwa. Zvino Mweya waKe wakadzoka paKereke. Uye mutumbi waKe wakasimudzwa mudenga ndokugadzikwa paChigaro chehushe chaMwari.

Chigaro chehushe chaMwari! Uyo ari paChigaro chehushe ndiye Mutongi. Tinozviziva izvozvo. Saka, Kutongwa kuri kupi? Baba vakapa...HaVatongi munhu. Asi Baba vakapa kutonga kwese kuMwanakomana. Saka ndiYe. Uye Hupenyu hwaKe ndiye Muprisita Mukuru, agere ipapo nemutumbi waKe pachake, sechibairo, kuti akumbirire kureurura kwedu. Amen. Hama, izvozvo zvinoisa chimwe chinhu mauri.

<sup>286</sup> Cherechedzai, “Akatora Mbeu yaAbrahama.” Akava Munhu. Mwari, vakaitwa nyama pakati pedu, kuti vatidzikinure. Nemamwe mashoko, Mwari vakave chivi, kuti isu vatadzi tigove vagoverani vaKe. Uye kana tichiva vagoverani vaKe, tinodya zvaKe...Taive vanhu vari mukutambanuka kwenguva, makumi manomwe. Zvino Mwari vakaburuka ndokuva mumwe wedu, makumi manomwe, kwenguva yaVo yakatarwa, kuti tikwanise kuve nemugove muHupenyu hwaVo Husingaperi. Uye kana tazvarwa patsva, tiri vanakomana nevanasikana vaMwari, uye tine Hupenyu Husingaperi, uye hatifi takaparara.

Oo, Muponesi akaropafadzwa zvaka—zvaka—zvakadini! Oo, hapana nzira yekuzvinyora. Hapana nzira yekuzvitsanangura. Zvinongopfuurira kutsanangura. Hapana anogona kutsanangura kuti Zvakakura sei. “Muri mukuru! Muri mukuru!” ndizvozvo.

*Naizvozvo pazvinhu zvose wakafanira kuti aitwe akafanana nehama dzaKe... (Pafungei)...kuti ave muprisita mukuru ane ngonzi uye wakatendeka pazvinhu zvaMwari... (Teererai pane izvi.) ...kuti ayananisire... chivi chevanhu.*

Kuyanana, zvino, Mwari, vachiziva nduramo, vakatozova vasina nduramo, kuti vanzwe zvazvaiva kuva mutadzi, kudzokera kunoyanana, kubudikidza “neyanano,” uye nekunzwira vanhu tsitsi.

<sup>287</sup> Ndima inotevera, Iteererei pano.

*Nekuti zvaakatambudzika iye amene...*

288 Mwari havaigona kutambudzika muMweya. Vakatozova nyama, kuti vanzwe kurwadza kwehurwere, kuti vanzwe muyedzo weruchiva, kuti vanzwe muyedzo wekushaiwa, kuti vanzwe muyedzo wenzara, kuti vanzwe simba rerufu. Kuti Azvitorere paAri kuti amire muHupo hweMweya mukuru Jehovha, Mweya, kwete Munhu; Mweya, kuti areverere kuhupenyu huno. Uye Jesu akazvitora, kuti atireverere, nekuti Anoziva kuti zvinoita sei. Paunorwara, Anoziva manzwiwo aunoita. Paunenge uchiedzwa, Anoziva manzwiwo aunoita.

289 Zvino, makambocherechedza here patinovhotera mutungamiri wenyika, murimi wese anovhotera mutungamiri akabenge ari murimi, nekuti anoziva chikamu chakaomarara chehupenyu hwemurimi. Maona? Anoda mumwe munhu anonzwisisa.

290 Uye Mwari vasati vambonzwisisa; Ivo vari Hutsvene ihwohwo hukuru. Vaigona sei kuzonzwisisa, mushure mekunge Vapomera munhu? Nehutsvene hwaVo, Vakapomera munhu. Uye nzira chete yaVangazive kururamisa munhu ndeye kuva munhu.

291 Uye Mwari vakafukidzira mhandara uye akabereka mutumbi, kwete ropa rechiJudha, kwete ropa reMarudzi, asi Ropa raVo pachaVo. Ropa raMwari rakasikwa, pasina kusangana pabonde zvachose imomo, mariri zvachose, pasina chishuwo chekusangana pabonde. Zvino Chizenga ichi cheRopa, chakasikwa mumimba yemudzimai uyu, chakabereka Mwanakomana. Zvino paakabhabhatidzwa naJohane Mubhabhatidzi, Johane akati, “Ndinopupura, ndichiona Mweya waMwari (wakaita senjiva) uchidzika pasi uye uchigara paAri.”

292 Ndosaka Jesu aigona kutaura, kuti, “Masimba ese ari Kudenga nepanyika akaiswa muruoko rwaNgu.” Mwari nemunhu vakava Mumwe. Matenga nenyika zvakambundirana, uye Ndivo vaive Avo vanogona kupa yananiso yechivi chedu. Ndicho chikonzero chekuti, muZita raKe, kupodzwa kunoitika. Anoziva kurwadziwa kwako.

293 Makambonzwa here karwiyo aka kadiki, kekare?

Jesu anoziva marwadzo aunonzwa, Anogona  
kuponesa uye Anogona kupodzwa;  
Tora mutoro wako kunaShe zvino wousiya  
ipapo.

Ndizvozvo chaizvo. Anoziva.

Kana mutumbi wedu uzere nemarwadzo, uye  
hutano hwedu tisingakwanise kuhuwanazve,  
Ingorangarirai Mwari vari Kudenga  
vanopindura munamoto;

Jesu anoziva marwadzo aunonzwa, Anogona  
kuponesa uye Anogona kupodza;  
Ingotora mutoro wako kunaShe zvino wousiya  
ipapo.

<sup>294</sup> Ndzivo zvoga zvaAnokumbira, “Ingousiya ipapo.” Sei? Ndiye Muprisita wedu Mukuru akamira pano, anoziva manzwiwo aunoita. Uye Anoziva nzira yekukuyanana kuti udzokere kunyasha, uye kuti anokudzorera sei kuhutano hwako. Anoziva zvese nezvazvo; Akatambudzika. Kana usina nzvimbo yekuisa musoro wako; Akadarowo zvimwe chete. Kana uine hembe imwe yekuchinja; Aivawo nezvimwe chetezvo. Paunosekwa, kutambudzwa; Akavawo nezvimwe chete.

<sup>295</sup> Teerera pandima yekupedzisira zvino. Zvakanaka.

. . . *anogona kubatsira avo vanoedzwa.*

Kana, nemamwe mashoko, Anokwanisa *kuchengetedza* avo, *kubatsira* avo, kuita kuti avo. . . *kuvanzwira*. Nokuti, Mwari pachaVo vakava munhu, kuti vazvinzwe.

<sup>296</sup> Munorangarira, humwe husiku, hatina kudzidzisa pane izvozvo here? Kuti Mwari vaifanira sei ku. . . Rufu rwaive nerumborera marwuri, kutyisidzira marwuri. “Mazuva avo ese vaive muhuranda maererano *nerufu* urwu.” Uye zvakare Jesu akauya, kuti Akwanise kubvisa rumborera irworwo murufu.

Uye paAinge achikwira mugomo, munorangarira kuti takazviratidza sei? Tumadzvanga tudiki tutsvuku panguwo yaKe, mushure mechinguva twese twakaita zidzvanga rimwe guru, uye richimwaya Ropa paaive Ari. Mutumbi wake mudiki, wapera simba, haAna kukwanisa kuenda mberi, zvino Akawa. Simoni Kurini, murume wechitema, akaMubatsira kutakura muchinjikwa kuenda kumusoro kwechikomo.

Uye pavakaMuroverera pamuchinjikwa, Akachemera mvura. Chero munhu ari kubuda ropa anoda mvura.

<sup>297</sup> Munorangarira here pandakaparidza humwe husiku nezve “Nondo, nondo inotakwairira hova yemvura, saka mwewa wangu unotakwairira Imi, O Mwari”? Kana nondo ikakuvadzwa uye ichirarama, ichirasikirwa neropa, inofanira kusvika kune mvura kana kuti inofa.

<sup>298</sup> Ndakapfurwa, zasi mumunda, pandaive nemakore gumi nemana ekuberekwa. Zvino ndakanga ndakarara ipapo. Makumbo angu akaputitswa pandiri, kunge hamubhega, kubva kuchifeche gauge. Zvino ndakachemera mvura, “Oo, ndipeiwo chekunwa!” Ndaive nechiveve; makumbo angu akanga abatwa nechiveve.

<sup>299</sup> Shamwari yangu yakamhanyira kudziva rekare, raive nemhando dzose dzezvipembenene zvidiki, matope. Ndakanga ndisina basa nokuti zvaiva chii. Uye akaicheresa ikazara nemvura, zvino ndakavhura muromo wangu, uye akasvinira

kepisi yake *saizvozvo*, mumuromo mangu. Hongu, ndaifanira kuva nemvura.

<sup>300</sup> Akanga achibuda ropa. Akati, “Ndipeiwo chokunwa.” Zvino vakamupa vhiniga pasiponji, zvino Akairamba, uye akairamba. Aive Gwayana raMwari raifa pachinzvimbo chedu, richiunza yananiso kumunhu wenyama. Chaiva chii? Mwari weKudenga.

<sup>301</sup> Billy Sunday akambotaura, kuti, “Gwenzi roga-roga rakanga riine Ngirozi dzakagara mariri, dzichiti, ‘Ingodhonza ruoko rwaKo rwubve wonongedzera munwe waKo, Tinoshandura mampiriro ezvinhu.’”

<sup>302</sup> Boka iroto rigina mutyira revapengereki vechitendero, rakadaidza vamwe vadzidzi vakuru vakadzidza veD.D., Ph.D., vakafamba paAri ndokuti, “Zvino, kana uri Mwanakomana waMwari! Wakaponesa vamwe; iwe pachako haugone kuzviponesa. Buruka kubva pamuchinjikwa, uye tichazokutenda.”

<sup>303</sup> Havana kuziva kuti vaitotaura zvakanaka nezvaKe. Aigona kunge akaZviponesa. Asi kana dai Akazviponesa, haAizogona kuponesa vamwe. Saka, AkaZvipa. Zita raKe ngarikudzwe. Akazvipa pachaKe, kuti ndigoponeswa uye ugooponeswa. Oo, irwo rudo rusingaenzaniswi!

<sup>304</sup> Aisafanira kurwara. Mutumbi iwoyo wakakosha wakaberekwa nemhandara waisafanira kurwara. Asi Akarwara, kuti Agoziva nzira yekundireverera pandinorwara.

<sup>305</sup> Aisafanira kurukutika, asi Akarukutika. Ndakaverenga kanhorooondo kadiki pane imwe nguva pazviri, handizive kuti zvaive zvechokwadi here kana kuti kwete. “PaAkamutsa mukomana uye wekuNaini uko, kubva kuvakafa, Akagara padombo ndokugomera nemusoro waitema,” nekuti Aitofanira kutakura hurwere hwedu.

<sup>306</sup> Akatozotakura chivi chedu, uye ipapo paAkafa, uye paKarivhari apo nyuchi iya yakare nerufu payakanyudza rumborera rwayo kamwe. Chero ani anoziva, kana nyuchi yanyudza rumborera rwayo, haizogoni kuruma zvakare. Paya nyuchi painobhururuka ichienda kana chimwe chipembenene chinoruma, pachinonyudza rumborera rwacho, chinodzura rumborera rwacho. Ichiri nyuchi asi haichisina rumborera. Chinhu chega chainogona kunziririka uye nekuita ruzha rwakawanda.

<sup>307</sup> Ndicho chinhu choga chinogona kuitwa nerufu kumutendi, kuita ruzha rwakawanda. Asi, hareruya, ngariropafadzwe Zita raShe, Akanyudza rumborera rwerufu irworwo munyama yaKe pachake. Emanueri akazviita. Akamuka zvakare, pazuva retatu, akazunzira rumborera kunze kubva imomo, uye haAfi manheru ano. Zvino Mwera waKe uri muchivakwa chino, uye AnoZviratidza kuva mupenyu pakati pedu. Ndiye Mesiya wedu. Ndiye Muponesi wedu akaropafadzwa.



*VAHEBHERU, CHITSAUKO CHECHIPIRI* <sup>3</sup> SHO57-0828  
(Hebrews, Chapter Two <sup>3</sup>)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEBHUKU REVAHEBHERU

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chitatu manheru, Nyamavhuvhu 28, 1957, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)



## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)